



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PLIS PASE 1.100 EGZÈSIS KONJWEN  
KONT TEWORIS ATRAVÈ ETA NEW YORK LA AN 2023**

***Ekip kont teworis yo te fè egzèsis nan yon varyete biznis, sit enfracstrikti ak estasyon ray enpòtan yo***

***Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta te fè plis pase 6,300 Egzèsis nan tout eta a depi 2016***

***Yo ankouraje sitwayen yo pou yo pran prekosyon ak anviwònman yo pandan jou ferye yo***

***Rapòte aktivite sispèk bay fòs lòd yo nan 1-866-SAFE-NYS (1-866-723-3697)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Kont Teworis (Office of Counter Terrorism) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la te fè egzèsis antredman nan plis pase 1.100 lokal nan tout eta a an 2023. Ekspè kont teworis yo ki soti nan plis pase 80 ajans eta, lokal, aktribi yo te konplete egzèsis pou evalye kapasite biznis yo pou rekonèt ak rapòte aktivite sispèk nan prèske chak konte nan eta a. Yo deja fè plis pase 6,300 egzèsis atravè New York depi 2016. Ekip fòs lòd yo ak anplwaye Biwo Kontre Teworis yo te konplete tou prèske 89 detay kont teworis tren NY-SECURE an 2023 pou fè vwayajè yo sonje enpòtans lè yo 'Wè yon Bagay, Di yon Bagay la' (See Something, Say Something).

"Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi egzèsis sa yo ede edike anplwaye yo nan biznis yo ak piblik atravè eta a sou fason pou idantifye aktivite sispèk epi rapòte yo bay lapolis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye pèsonèl fòs lòd ak sekirite nasyonal yo pou sipò kontinyèl yo nan pwogram enpòtan sa yo ki pwoteje piblik la."

Ekip fòs lòd atravè eta a te fè egzèsis ki te enplike plis pase 400 pèsonèl lapolis nan chak nan 16 zòn kont teworis eta a yo. Nan kad pwosesis sa a, ekip yo te evalye rapò ak rekonesans aktivite sispèk lakay 860 detayan ak biznis ki vann pwodwi chimik, konpoze, konpozan, sèvis, oswa lwe espas oswa resous ki ta ka eksplwate pa moun ki gen entansyon malveyan. Anplis de sa, ekip yo te evalye plis pase 200 lokal enfracstrikti atravè eta a. Sa yo enkli kote estad ak tèren yo, sant komèsyal yo, kolèj ak inivèsite yo,

ayewopò yo, sant transpò piblik ak lòt lokal rasanbleman an mas yo. Apeprè 40 pousan nan lokal yo te teste an 2023 yo te nouvo epi yo pa te teste nan ane anvan yo. Patenarya ant analis kont teworis eta yo ak fòs lòd yo te ede idantifye nouvo kote sa yo pou fè tès yo.

Angajman ak moun ki gen enterè sa yo ogmante vijilans piblik la ak rapò sou aktivite sispèk yo. Depi lè efò kowòdone eta a te lanse an 2016, rapò sou aktivite sispèk yo bay Liy Konsèy kont Teworis Eta New York pandan egzèsis sa yo te ogmante a 30 pousan, sa ki montre sansibilizasyon ak fòmasyon efikas.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Pizaj menas New York kontinye ap vin pi divèsifye, epi pwogram sa a ede asire pwopriyetè biznis yo ak anplwaye yo konnen kijan pou yo idantifye aktivite sispèk yo lè yo obsève yo epi rapòte yo, sa ki ede kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite. Egzèsis sa yo, ki gen ladann detay kont teworis sou liy tren yo, rete yon pati enpòtan nan sansibilizasyon sou sekirite piblik eta a. Mwen raple tout Nouyòkè yo, si w wè yon bagay, di lapolis yon bagay imedyatman."

**Sirentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la, Dominick L. Chiumento, te deklare,** "Edike biznis ak piblik lan sou kijan pou detekte aktivite ki sispèk yo epi enfòme fòs lòd yo, sa se yon pati enpòtan nan pwoteje kominote nou yo kont menas teworis yo. Planifikasyon, kowòdinasyon, ak fòmasyon yo tout nesèsè pou asire premye sekouris lokal yo ak eta yo pare pou travay an kolaborasyon pou diminye nenpòt kalite sitiyan ijans. Egzèsis sa yo endispansab pou efò kontinyèl nou pou pwoteje ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

### **Operasyon NY SECURE**

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta te fè patenarya ak ajans fòs lòd federal, eta ak lokal yo nan "Operasyon NY-SECURE" pou fè detay kont teworis ak entèvansyon nan ka ensidan sou wout Amtrak ak liy transpò MTA yo. Detay sa yo ede amelyore kowòdinasyon ak repons ant ajans lapolis wout tren an yo ki responsab pou chak estasyon yo, ak ajans fòs lapolis eta ak lokal yo k ap reponn lè gen ijans nan lokalite sa yo. Detay vizib, ki pa anonse sa yo gen ladan yo patwouy ki pi entans sou platfòm yo, ogmantasyon prezans fòs sekirite sou tren yo, rechèch ak chyen ki espesyalize nan deteksyon eksplozif, ak mezi kont-siveyans yo. An 2023, Operasyon NY-SECURE te konplete 89 detay atravè eta a. Ekip yo te fè 77 detay nan yon sèl estasyon atravè eta a, ak 12 aktivite nan plizyè estasyon nan estasyon Amtrak ak MTA otou Empire Line. Depi kreyasyon pwogram nan an 2018, ekip ki fòs lòd yo te fè plis pase 447 detay atravè eta a. Detay sa yo pral kontinye an 2024.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye

katastwòf ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite DHSES sou [Facebook](#), sou [Twitter](#) oswa vizite [dhses.ny.gov](https://dhses.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)